

AKSYON IJANT

RISK DEGÈPISMAN FÒSE ANNDAN KAN PEYI DAYITI

Twa san fanmi kite pèdi kay kote yo tap viv avan tranbleman detè 12 Janvye a, ap fè fas ak menas aklè degèpisman fòse de kan yo ap viv nan Pòtoprens.

Moun kap viv nan kan Mòmmon nan lokalite Delma ki nan Pòtoprens gen malè pandye degèpisman fòse aklè sou do yo. Moun kap viv nan kan sa te eksplike delege Amnisti Entènasyonal (Amnesty International) ki nan misyon an Ayiti kounya, ke nan jou 14 me, a 3 zè dimaten, anviwon 20 gason ki gen ladan yo ajan lameri, te antre nan kan an epi te anonse moun yo ke yo pral degèpi yo ak fòs nan 15 jou si yo pa kite tèren an. Kèk nan mesye sa yo te gen zam nan men yo e yo te menm tire sou yon gwoup moun nan kan an. Gen kat nan moun sa yo ki te blese pandan yo tap chape poul yo. Avan dènye evenman sa, moun nan kan sa te resevwa anpil menas degèpisman ak lòt fòm vyolans si yo pa aksepte kite kan an poukont yo. Nan jou 8 Fevriye, ajan ofisyèl lameri akonpaye ak nèg ak zam te menase moun yo di yo ke yo ap vinn mete dife nan kan an epi tire sou moun nan kan an si yo pa vle kite teren an. Moun ki ap viv nan kan an te deja pote plent nan biwo komisè gouvènman sou de ensidan sa yo.

Pa gen okenn jijman tribinal ki ekziste ni okenn lòt papye ke moun nan kan yo te resevwa sou legalite degèpisman sa epi pa gen okenn chita pale ki fèt ak fanmi ki ap viv nan kan sa ni okenn òf lojman altènatif pou moun sa yo. Moun nan kan Mòmmon yo ap viv nan de seri tant ki fèt konsa konsa, kondisyon sanitè yo pa bon ditou epi pa gen dlo tiyo pou moun yo. Kan sa gen anpil fanm ladann ki ansent epi anpil lòt ki nouris, epi majorite fanmi yo se fanm ki responsab yo.

Ozanviwon de 4 trè nan aprèmidi, jou 4 Me ki sot pase a, 126 fanmi ki tap viv nan yon kan sou kote a kan Mòmmon ke yo te rele kan Mozayik te sibi yon degèpisman fòse ki te fèt pa ajan lameri san okenn fòm legal ni yon òf altènativ pou kote moun yo ale. Amnisti Entènasyonal gen gwo kè sote pou ke menm sityasyon kan Mozayik la pa rive kan Mòmmon.

Tanpri pou rezon sa yo kouri ekri vit vit nan lang kreyol ou byen lang franse:

- Pou mande otorite peyi dAyiti pou asire yo ke moun anndan kan Mòmmon pa pral sibi degèpisman fòse san respè pwosedi legal, san avètisman, san chita pale epi tou tout moun ki konsène nan kan yo dwe jwenn altènatif pou kote yo prale.
- Mande otorite yo pou prese prese asire pwoteksyon moun andan kan Mòmmon epi mennen bon jan ankèt sou menas ke moun yo ap sibi ak lòt ka vyolans ke yo te viktim.
- Mande pou moun nan Mòmmon epi moun ki te degèpi ak fòs nan kan Mozayik pou gen posibilite jwenn solisyon dirab ki nesèsè pou bezwen yo genyen ak sa yo swete pou lavi yo ki gen ladann bon aksè ak lojman epi lòt kalite sèvis.

TANPRI VOYE AKSYON SA YO ALE AVAN JOU 2 JIYÈ 2012 POU MOUN SA YO :

Premye Minis
Laurent Lamothe
Biwo Premye Minis Ayiti
33 Boulevard Harry Truman
Port-au-Prince, Haiti - HT-6110
Email: ecrire@laurentlamothe.com
Twitter: @LaurentLamothe "Mande Premye Minis Ayisyen an@LaurentLamothe pou kanpe degepisman fose illegal ki menase Kan MòmmonDelmas #Haiti Please RT"
Salitasyon: Mesye Premye Minis

Direktè Jeneral Polis Nasyonal dAyiti
Mario Andrésol
Direktè Jeneral PNH
Polis Nasyonal dAyiti
Port-au-Prince
Haiti
Email: marioandresol@yahoo.fr
Salitasyon: Mesye Direktè

Majistra Delma
Wilson Jeudi
Meri Delma
Rue Charbonnière
Delmas 33
Haiti
B.P. 13399
Email: wilsonjeudy@yahoo.fr
Salitasyon: Mesye Majistra

**AMNESTY
INTERNATIONAL**



AKSYONIJANT

RISK DEGÈPISMAN FÒSE ANNDAN KAN PEYI DAYITI

ENFÒMASYON ANPLIS

Fanmikapviv nan kanMòmontefèpati de santenn de milyemounkitelage nan lari san kayaprèkokenntranbleman de tè 2010 epiki pa te gen okennaltènativkesèlmanmonte de potoakprela, kòm tantpouvivnenpòtkoteyotejwenn. 28 mwadepitrablemandetè a, mounsayofèpati de anviwonsenk san mil kitoujouapvivanbatantkotedwa a lojmanepianpillòtsèvis de baz pa respekte. 60 pousanmounkitoujouapviv nan kanyoapvivanbagwomenasdegèpismanfòse. Dèmilye de fanmigentsibidegèpismanfòsedejadepitrablemandetè a san okennfòmrespepoudwayokikozkeyolage san kotepouyo rete toujou. Bon jansolisyon dirab pou bay lojmanakmounkiteviktimyopokodefiniepipoko rive vre.

Nan jou 4 me tout 126 fanmikite nan kanMozayik a kotekanMòmontesibidegèpismanfòse pa ajanlamerikiteakonpayeak yon ajanlapolisnasyonal, san okennpwosedè legal nialtènativpoujwenn yon kotepou ale. Tant kotemounyo te reteyo te dechireepidemoliavanmenmkeyo te gen chans pou retire bagayyo te genanndankayyo. Anviwonmwatye nan fanmi sa yooblige ale remonte tant yoaplizyèkilomètdistans de delma nan zonnKanaan nan Titanyen, ki se yonkoteanpilmoun al retedepitrablemandetè a. EspasKanaanpagengenokennaksèksèvis de bazyotankoudloakasenisman. Men malgretou se la plizyèmilyefanmichwazi al etabliyoepichakjouiplismounkidegèpiakfòsaprejwennespas sa.

Jiskounyamounpakonnenkotelòtfanmiki te degèpi nan kan Mozayikyo ale jwennrefij. Sityasyon sa padepamanakanpillòtdegèpismanfòsekonsaki te fèt nan kan kemoundelmatapviv. Anpil nan degèpisman sa yo se otoritelameriDelmaki te fèyo nan mitan lane 2011.

Non: Twasanfanmi

Seksmounyo: Gasonak fanm

UA:144/12 Index: AMR 36/004/2012 Dat li sòti: 21 Me 2012